



Enfòmasyon sou Telehealth (Swen Sante a Distan)

Founisè sèvis sante konpòtman sa a kapab ba ou youn oswa plizyè nan sèvis ou mande yo atravè Telehealth (swen sante a distans). Ou gen dwa refize sèvis Telehealth yo epi chwazi resevwa sèvis yo an pèsòn.

Telehealth se itilizasyon teknoloji kominikasyon elektwonik pa pwofesyonèl swen sante pou bay sèvis yon moun ki pa nan menm kote ak founisè sèvis la.

Teknoloji sa a ka gen kèk risk, tankou:

- entèripsyon koneksyon;
- pwoblèm teknik;
- epi, byenke sa rive trè raman, gen posibilite pou yon moun ki pa otorize jwenn aksè ak enfòmasyon yo.

Gen kèk kondisyon medikal oswa sante mantal ki pa kapab dyagnostike oswa trete atravè Telehealth. Pwofesyonèl swen sante a ap detèmine si kondisyon ou apwopriye pou yon vizit Telehealth. Si li pa apwopriye, li pral fè ou konnen sa epi eksplike lòt opsyon ki disponib pou ou.

Pandan nenpòt vizit Telehealth, ou pral pale dirèkteman ak pwofesyonèl swen sante a epi w ap gen opòtinite poze nenpòt kesyon ou genyen konsènan sèvis Telehealth yo. Tout kesyon ou yo pral reponn, epi yo pral eksplike ou risk yo, avantaj yo, ak lòt opsyon ki disponib, nan yon lang ou konprann.

Gen lòt moun ki ka prezan pandan konsiltasyon an, anplis pwofesyonèl swen sante a, pou ede prepare oswa opere ekipman videyo a. Sepandan, tout moun sa yo oblije respekte konfidansyalite enfòmasyon ou yo.

Paske ou pral nan yon kote ki pa biwo fizik founisè sèvis la, kèk pwosesis ka fèt elektwonikman, tankou:

- pran oswa chanje randevou;
- voye oswa renouvle preskripsyon;
- bay enfòmasyon oswa edikasyon pou pasyan yo.

Tout lwa ki egziste sou aksè ak enfòmasyon medikal ak kopi dosye medikal yo aplike menm jan pou sèvis Telehealth yo.

Tanpri sonje: Konvèsasyon Telehealth yo pa anrejistre ni estoke.

Yo pran tout mezi rezonab ak apwopriye pou diminye risk ki gen rapò ak konfidansyalite pandan itilizasyon teknoloji Telehealth, epi tout pwoteksyon konfidansyalite ki egziste dapre lwa federal ak lwa Eta Florid aplike pou tout enfòmasyon ki pataje pandan sesyon Telehealth yo.

Mwen konprann epi mwen dakò ak sa ki annapre yo:

1. Chrysalis Health ban mwen enfòmasyon ki eksplike kijan teknoloji konferans videyo a ap itilize. Mwen konprann sèvis mwen resevwa atravè Telehealth ka diferan de yon vizit an pèsòn paske mwen menm ak pwofesyonèl swen sante a pa nan menm chanm nan.

2. Mwen konprann ke swa mwen menm oswa pwofesyonèl sante mantal mwen an kapab sispann sesyon Telehealth la si nou konsidere koneksyon videyo a pa bon ase pou sitiyasyon an.

3. Mwen konprann tou ke yo pral fè mwen konnen si gen nenpòt lòt moun ki prezan pandan konsiltasyon an, epi mwen gen dwa:

1. pa pale sou kèk pati nan istwa medikal mwen oswa egzamen fizik mwen si mwen konsidere yo twò prive;
2. mande nenpòt moun ki pa fè pati ekip medikal la pou kite chanm kote Telehealth la ap fèt la;
3. mete fen nan konsiltasyon an nenpòt ki lè.

4. Yo eksplike mwen lòt opsyon ki disponib olye de Telehealth, epi mwen chwazi patisipe nan sèvis Telehealth yo.

5. Mwen konprann ke si gen yon ijans medikal, yo enstwi mwen pou rele 911 oswa kontakte doktè mwen dirèkteman. Mwen konprann responsablite pwofesyonèl Chrysalis Health la fini lè koneksyon videyo a fini.

6. Mwen konprann mwen kapab refize oswa retire konsantman mwen pou sèvis Telehealth yo nenpòt ki lè, san sa pa afekte dwa mwen pou resevwa tretman oswa swen nan lavni.